



GRAN LIY POU 2017-2018

Tradisyon akonplisman ki ap kontinye nan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) resevwa rekonesans nan nivo entènasyonal, nasyonal ak eta. Yon fwa ankò, yo te klase plizyè lekòl segondè nou yo pami meyè lekòl nan peyi a – M-DCPS se kote senk nan 100 premye lekòl segondè nan peyi a soti e sèt lekòl nan 20 Premye lekòl nan Florid - dapre ‘U.S. News & World Report’. Pou 33èm ane youn aprè lòt, “Government Finance Officers Association of the U.S. and Canada (GFOA)” (Asosyasyon Ofisyè Finans nan Gouvènman Etazini ak Kanada) bay Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade Sètifika Akonplisman pou Ekselans nan Fason li rapòte “Comprehensive Annual Financial Report (CAFR)” (Rapò Anyèl Global sou Finans) li. E pou 34èm ane, M-DCPS resevwa Sètifika Ekselans Ofisyèl Lekòl Biznis Entènasyonal pou Ekselans li nan Rapò Finansye pou gwo kalite rapò finansye li bay kominote a. Ane sa a, nou vle pataje lòt gran liy ki ranfòse eksperyans edikasyonèl pou tout moun nan M-DCPS:

EKSELANS AKADEMIK

AKONPLISMAN ISTORIK DÈSKE M-DCPS VIN YON DISTRI LEKÒL KI PRAN NÒT A:

Pou premye fwa nan istwa Pèfòmans Nòt Lekòl nan Florid, M-DCPS reyalize yon nòt “A” atravè tout distri a. Pou dezyèm ane konsekitif, pa gen okenn lekòl tradisyonèl ki klase kòm “F” nan M-DCPS. Gen pi gwo pousantaj lekòl Miami-Dade ki resevwa nòt “A” pou 2018 la pase tout lekòl atravè eta a, e nan tout lòt gwo distri nan Florid.

ELÈV KONTINYE BRIYE NAN EVALYASYON NASYONAL:

Anpil moun konsidere ‘NAEP-TUDA’ kòm Kanè Peyi a e meyè estanda pou evalyasyon. Rezilta NAEP-TUDA Miami-Dade yo demontre estanda akademik, rijidite enstriksyonèl, ak akonplisman elèv kontinye ap avanse nan tandans pou monte pi wo, ki depase rezilta peyi a. Nasyonalman, elèv katriyèm ane M-DCPS yo klase #1 nan Lekti, e #2 nan Matematik.

TO GRADYASYON AN BAT NOUVO REKÒ:

To gradyasyon M-DCPS monte a 84.2 pousan pou ane akademik 2016-2017 la -pi gwo to pousantaj distri a akonpli depi Depatman Edikasyon Florid te kòmanse dokimante estatistik gradyasyon yo avèk metòd modèn nan fen ane 1990 yo.

REZILTA EVALYASYON KI SAN PARÈY:

Elèv M-DCPS demontre siksè konstan nan tout matyè ak nivo ane eskolè nan administrasyon evalyasyon Prentan 2018 yo atravè Florid. An sòm, elèv M-DCPS yo akonpli yon “Annual Aggregated Performance” (Pèfòmans Total Anyèl) 20 pwen ki mezire pwogrè atravè tout egzamen yo, konpare ak 13 pwen atravè tout eta a e 10 oubyen mwens pwen nan lòt gwo konte yo.

REZILTA EGZAMEN TWAZYÈM-ANE ESKOLÈ KI ENPRESYONAN:

Nòt elèv twazyèm ane eskolè yo nan “Florida Standards Assessments (FSA)” (Evalyasyon Estanda Florid) yo nan Redakasyon/Lekti Lang Anglè depase kondisip yo atravè tout eta a, antèm pèfòmans ak pwogrè. Ogmantasyon pwogrè a te vizib pou elèv Nwa ak Ispanik, ki redui eka ant gwoup minoritè/majoritè yo.

SIKSÈ K AP KONTINYE NAN PLASMAN AVANSE:

Pou setyèm ane youn aprè lòt, M-DCPS ogmante to reysit nan egzamen “Advanced Placement (AP)” (Plasman Avanse), pandan tou li ap ogmante enskripsyon nan AP. M-DCPS ofri 37 kou AP.

PWOGRAM MAGNET YO YON FWA ANKÒ RESEVWA ATANSYON NASYONAL:

Pou setyèm ane dafile, M-DCPS resevwa plis prim merit magnet nasyonal pase kèlkeswa lòt distri. An total, M-DCPS resevwa 54 prim pou peryòd prim 2017-2018 la, yon ogmantasyon 12 prim adisyonèl.

INISYATIV

PWOMOUVWA SITWAYÈNTE DIJITAL AK SEKIRITE SOU ENTÈNÈT:

M-DCPS fè Patenarya avèk ‘Facebook’ pou l devlope inisyativ kont nuizans pou ofri elèv yon meyè konpreyansyon sou kesyon nuizans la, pou selebre divèsite, ak sipòte lòt moun.

AKSÈ SAN PRESEDAN NAN AR:

Gras a yon patenarya solid avèk “Perez Art Museum Miami (PAMM)” (Mize Ar Perez Miami), elèv VPK – 12èm ane eskolè elijib pou yon Pas PAMM pou Elèv pandan tout ane a, ki ba yo admisyon gratis san limit avèk yon adilt ki akonpaye yo.

KOLABORASYON ‘STEAM’ OFRI EKSPERYANS KILTIRÈL POU ELÈV:

Istwa vin vivan atravè ‘Kitty Hawk’, yon pèfòmans teyat andirèk ak yon eksperyans aprantisaj STEAM nou kreye pou plis pase 26,000 elèv setyèm ane eskolè atravè yon patenarya ant pwogram Paspò Kiltirèl M-DCPS ak Arsht Center.

INOGRASYON YON NOUVO ESTIDYO ANREJISTREMAN:

Atravè sipò Fondasyon José Milton, yon nouvo espas pou anrejistreman dènye kri, ki se sèl estidyo pwofesyonèl nan yon lekòl leta, te ouvè nan Estidyo Ar Miami nan Zelda Glazer e li disponib pou tout elèv M-DCPS.

SEKIRITE NAN LEKÒL YO

ANVIWÒNMAN APRANTISAJ KI GEN SEKIRITE:

Nou enplemante yon kantite amelyorasyon sekirite nan tout lekòl yo. M-DCPS ogmante kantite ofisyè resous lekòl nou mete nan lekòl yo, li amelyore efò siveyans avèk kamera sekirite, redui kantite pwen pou antre nan lekòl yo, ranfòse pwotokòl ki gen rapò ak sekirite nan building ak salklas yo an ka gen yon menas sou kanpous yo, e li mande finansman adisyonèl nan men eta a pou ogmante mezi sekirite li etabli yo.

AMELYORASYON RESOUS KOMINIKASYON:

Distri a amelyore kominikasyon avèk paran yo atravè mesaj tèks, li amelyore kapasite pou pataje enfòmasyon ant ajans aplikasyon lalwa yo, e li enplemante itilizasyon pwogram òdinatè trè espesyalize pou detekte menas sou medya sosyal yo.

GENERAL OBLIGATION BOND (GOB)" (BON OBLIGASYON JENERAL) AK ENPAK EKONOMIK

MODÈNIZASYON LEKÒL NOU YO:

Depi pasaj Bon Obligasyon Jeneral la an 2012, plis pase 400 pwojè fini avèk plizyè douzèn anplis ki an konstriksyon oubyen nan etap planifikasyon. Total travay ki fini oubyen ki an konstriksyon depase \$660 milyon, ki pase mwaye investisman \$1.2 milya a.

YO REKONÈT DISTRI A POU EFÒ LI NAN KONTRWÒL KONFÒMITE A DIVÈSITE:

M-DCPS resevwa yon "Prim Distenksyon" pou enplemantasyon, egzekisyon ak amelyorasyon Sistèm Konfòmite ak Divèsite sou Entènèt 'B2GNow' la. Yo itilize sistèm sa a pou suiv pwogrè ki ap fèt atravè GOB a.

KONVÈJANS DIJITAL

KONVÈJANS DIJITAL 3.0:

Enplemantasyon ane sa a gen ladan 12,000 Pwogram Aparèy Mobil pou Elèv "English Language Arts (ELA)" (Redaksyon/Lekti Anglè) sizyèm ane eskolè ki nan pwogram Ekstansyon ELA Anplifye a ak ekstansyon Pwogram Matematik iPrep la.

KONBLE EKA DIJITAL LA:

Atravè "Pwojè 1Million" an, M-DCPS an patenarya avèk Sprint distribye 14,000 aparèy telefòn sanfil gratis ak ofri sèvis pou elèv k ap patisipe pou jiska katran pandan yo nan lekòl segondè, nan ede sa ki pa gen aksè Entènèt lakay yo atenn tout potansyalite yo.

BYENNÈT

PWOMOUVWA SANTE AK BYENNÈT ATRAVÈ DEFI 100 MILYA-PA A:

Inisyativ sa a se yon kanpay konsyantizasyon ak angajman ki itilize defi aktivite fizik pou pwomouvwa byennèt ak yon estil lavi aktif. Itilizasyon aplikasyon mobil anplwaye yo pèmèt yo etabli objektif yo e patisipe nan konpetisyon endividyèl ak ann ekip.

EDIKASYON SANTE SOSYAL, EMOSYONÈL AK MANTAL:

M-DCPS fè patenarya avèk plizyè òganizasyon tankou 'Sandy Hook Promise' ak 'Lauren's Kids' pou pwomouvwa byennèt tout elèv anplis aktivite lekòl yo.

PREPARASYON POU KOLÈJ/KARYÈ

PREPARE ELÈV POU TRAVAY:

Sètifikasyon Teknoloji Sistèm Otomatizasyon Bilding Siemen nan se premye pwogram nan konte Dade/Broward ki konsantre sou fòm elèv pou travay teknik ki peye gwo lajan nan domèn "smart-building" (bilding entelijan), nan ofri yo ladrès ki rechèche e konsa ogmante chans pou yo jwenn travay, pandan nou ap ekonomize resous natirèl nou yo.

AKADEMI KARYÈ YO DEPASE PÈFÒMANS TOUT DISTRI LEKÒL YO:

M-DCPS kounye a genyen 16 sou 68 "National Academy Foundation (NAF)" (Fondasyon Akademi Nasyonal) akademi kalite siperyè, ki demontre pwogram akademi karyè nou yo pèfòme nan pi wo nivo preparasyon elèv pou kolèj ak karyè.

EKSTANSYON AKADEMI LOJISTIK AK KOMÈS NAN KÈ GRAN VIL YO:

Akademi Lojistik ak Komès King Carter nan lekòl segondè Miami Northwestern ak Miami Central te vin posib gras a yon don jenere \$1 milyon ki soti nan men yon byenfètè anonim nan memwa King Carter. Akademi yo, ki fè yon trajedi tounen an triyonf, rann omaj a King Carter, yon elèv sosyab premye ane eskolè ki te evoke fyète ak gwo respè kay tout moun ki te konnen l e renmen l.

PLIZYÈ MILYON NAN BOUSETID:

Yo ofri klas gradyasyon 2018 la \$423 milyon nan bousetid, ki ouvri chemen pou siksè nan edikasyon aprè lekòl segondè.



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup